

1

00:00:12,240 --> 00:00:26,760

Bonswa. Non mwen se David Castleman, epi
Mwen se Administratè Jidisyè pou EminiFX.

2

00:00:27,720 --> 00:00:33,960

Byenveni nan premye Reyinyon Piblik sou Administrasyon jidisyè,
n ap pase an dirèk sou nouvo chanèl YouTube nou an.

3

00:00:35,340 --> 00:00:41,400

Mwen pral pase pi fò tan nan reyinyon sa a
pou m pale dirèkteman ak itilizatè EminiFX yo. Mwen

4

00:00:41,400 --> 00:00:46,080

konprann sa se yon sitiyasyon ki vrèman
difisil pou anpil itilizatè.

5

00:00:46,800 --> 00:00:52,620

Epi poutèt sa, nan moman k ap vini an, mwen pral
diskite sou sa mwen menm, ansanm ak ekip

6

00:00:52,620 --> 00:00:58,140

pwofesyonèl devwe mwen an te fè
nan non tout itilizatè yo ak lòt patisipan yo.

7

00:01:00,000 --> 00:01:02,340

Kite m fè yon ti pale tou kout
sou kontèks nominasyon mwen an.

8

00:01:03,180 --> 00:01:09,300

Nan dat 11 Me 2022, Jij Valerie Caproni,
nan Distrik Sid New York,

9

00:01:10,020 --> 00:01:15,420

Ki se tribinal federal nan Manhattan,
te nome m kòm administratè jidisyè an ijans

10

00:01:15,420 --> 00:01:23,400

Nan kad yon pwosedi sivil
Komisyon Mache Atèm Pwodui Debaz yo (Commodity Futures Trading Commission), CFTC
lanse

11

00:01:24,120 --> 00:01:31,740

kont EminiFX ak Eddy Alexandre. Nominasyon sa a te vin pèmanan nan dat 15 Jen

12

00:01:31,740 --> 00:01:38,640

2022, selon konsantman Eddy Alexandre ak CFTC te soumèt ansanm

.

13

00:01:39,960 --> 00:01:43,680

Antanke yon mandatè endepandan, Mwen fè rapò bay tribinal la.

14

00:01:44,220 --> 00:01:51,480

Se pa bay pati yo. Travay mwen se pwoteje epi jere byen EminiFX yo.

15

00:01:53,280 --> 00:01:58,800

Yo te nome mwen nan Dosye pou Egzekisyon Sivil. Sa a se yon ka ki diferan ak

16

00:01:58,800 --> 00:02:04,620

ka kriminel ki te konsène Eddy Alexandre endividyalman, epi sa te pase devan yon lòt jij.

17

00:02:05,700 --> 00:02:12,780

An Fevriye ane sa a, Mesye Alexandre te plede koupab pou yon sèl akizasyon fwod

18

00:02:12,780 --> 00:02:19,440

anrapò ak pwodui debaz yo nan kad fonksyonman EminiFX. Anpil nan nou okouran, yo te kondane

19

00:02:19,440 --> 00:02:25,140

Mesye Alexandre pou nèf ane prizon federal, nan zafè sa a, epi li dwe peye dedomajman.

20

00:02:26,040 --> 00:02:31,620

Epi biwo mwen an ap kowòdone ak

Depatman Jistis la sou pwoblèm dedomajman an.

21

00:02:33,180 --> 00:02:39,360

Lè yo te enstale m kòm Administratè jidisyè, mwen te tande kòmantè anpil nan nou k ap koute jodi a.

22

00:02:40,380 --> 00:02:44,280

Anpil nan nou ki te investi lajan nou nan EminiFX te fè sa

23

00:02:45,000 --> 00:02:50,400

nan espwa pou rive jwenn yon libète finansye, jan plizyè santèn nan nou te di m nan.

24

00:02:51,240 --> 00:02:58,320

Anpil itilizatè te siyen yon petisyon nan kòmansman dosye sa a pou eksplike kijan yo te panse yo te ka

25

00:02:58,320 --> 00:03:03,840

Gen aksè ak lajan yo a, ki gen ladan ranbousman investisman yo, nan nenpòt ki lè.

26

00:03:04,800 --> 00:03:07,320

Malerezman, jan mwen pral eksplike sa,

27

00:03:07,320 --> 00:03:14,760

ranbousman sou investisman ki te parèt nan tablodbò EminiFX ou a pa t reyèl.

28

00:03:15,600 --> 00:03:23,940

Balans ki parèt sou tablodbò a pa t reprezante reyèlman nan byen ki te nan EminiFX.

29

00:03:24,960 --> 00:03:30,720

Sa ki te rete lè mwen te nome se te sèlman yon tyè nan balans tablodbò yo.

30

00:03:31,560 --> 00:03:38,280

Kidonk, tout sa ki te rete se te yon pati, men se pa tout, nan milyon dola

31

00:03:38,280 --> 00:03:46,200

itilizatè yo ak manm yo te investi. Pa t gen okenn pwofi . Pa gen okenn ranbousman pozitif sou investisman.

32

00:03:47,820 --> 00:03:54,480

Premye objektif mwen se te prezève valè EminiFX nan mete tout byen yo ak lajan yo

33

00:03:54,480 --> 00:04:02,280

anba kontwòl nou, ak sou kont ki sekirize ki gen enterè . Pi fò nan pwosesis sa a fini,

34

00:04:02,280 --> 00:04:11,160

epi kounye a nou gen plis pase 153 milyon dola sou kont labank ki asire ki bay plis pase 3% enterè.

35

00:04:12,840 --> 00:04:20,520

Kounye a, objektif prensipal mwen se rekipere tout lajan nou kapab nan men itilizatè EminiFX ak lòt moun

36

00:04:20,520 --> 00:04:29,520

pwojè EminiFX la afekte. Mwen atann m ap ka rekipere yon gwo kantite lajan

37

00:04:29,520 --> 00:04:36,000

Nan men itilizatè yo pou EminiFX. Kidonk, byenke mwen espere rekipere yon gwo kantite lajan,

38

00:04:36,000 --> 00:04:43,260

nan nivo sa a, mwen pa ka pwomèt pèsòn egzakteman konbyen yo pral jwenn.

39

00:04:44,100 --> 00:04:49,500

Epitou, kalandriye distribisyon ki pral fèt yo pa sèten pou moman sa a.

40

00:04:50,760 --> 00:04:58,440

Tout pwoblèm distribisyon sa yo pral fè objè yon pwochen demann devan Tribinal la. Sa

41

00:04:58,440 --> 00:05:06,840

Mwen ka di kounye a se yon distribisyon pou itilizatè EminiFX yo ak lòt moun ki fè demann yo, se sa ki pi gwo priyorite mwen.

42

00:05:09,360 --> 00:05:14,280

Yon ti kras pita nan Reyinyon piblik sa a, mwen pral pale sou

43

00:05:14,280 --> 00:05:20,040

pwosesis verifikasyon tranzaksyon tribunal la apwouve, piske nou pral mete Platfòm Itilizatè EminiFX yo

44

00:05:20,040 --> 00:05:26,940

sou entènèt semèn pwochèn. Epitou mwen pral reponn kèk kesyon itilizatè EminiFX yo poze.

45

00:05:28,500 --> 00:05:34,980

Si w gen nenpòt kesyon pandan prezantasyon an, ou ka voye yon imèl bay EminiFx@Stretto.com.

46

00:05:43,260 --> 00:05:50,160

Anvan nou antre nan detay yo, mwen vle rapidman eksplike wòl pwofesyonèl mwen yo.

47

00:05:50,820 --> 00:05:56,280

Se Otterbourg k ap ede m pou sèvis jiridik yo, yo te kenbe JS pou investigasyon finansye,

48

00:05:56,280 --> 00:06:01,980

Deloitte ak Crowe pou taks, ak Stretto pou jesyon demann yo.

49

00:06:03,360 --> 00:06:08,160

Stretto vrèman enpòtan, paske yo ap sèvi kòm prensipal pwen kontak ou

50

00:06:08,160 --> 00:06:14,100

lè w ap kominike ak administratè jidisyè a. Se yo menm ki pral ede m

51

00:06:14,100 --> 00:06:21,600

travay avèk ou pou verifye sa ou mete nan EminiFX, ak sa ou te jwenn nan EminiFX.

52

00:06:23,580 --> 00:06:31,440

Epitou, Stretto ap jere sit entènèt nou an nan

https://protect-us.mimecast.com/s/PxJECNk2yjC5jmgCj_Ppy?domain=eminifxreceivership.com.

53

00:06:32,700 --> 00:06:37,380

Sitwèb sa a disponib an Kreyòl Ayisyen ak Fransè ak Anglè.

54

00:06:38,100 --> 00:06:44,820

Epitou sitwèb sa a gen tout dokiman ki depoze nan Tribinal ak rapò sou sitiyou yo

55

00:06:44,820 --> 00:06:50,460

ki antre nan plis detay sou kèk nan sijè mwen pral diskite nan Reyinyon piblik sa a.

56

00:06:52,020 --> 00:06:57,060

Epitou, Stretto ka voye imèl ba ou tan zantan. Petèt, ou te wè kèk deja.

57

00:06:57,840 --> 00:07:04,800

Lè w jwenn youn, m ap mande w pou w louvri l, pou w li l, epi suiv nenpòt enstriksyon ki nan imèl sa a.

58

00:07:05,820 --> 00:07:11,220

Epitou, nou pral sèvi ak imèl detanzantan pou fè w sonje dat limit k ap vini yo.

59

00:07:14,100 --> 00:07:20,100

Kounye a, ann antre nan detay yo. Mwen pral kòmanse esplike ki jan EminiFX te fonksyone.

60

00:07:20,880 --> 00:07:27,420

Ekip mwen an avè m te egzamine sistèm entèn

konpayi a, ansanm ak done labank yo, koutye yo

61

00:07:27,420 --> 00:07:34,200

ak dosye kriptò monè nou te kapab
jwenn dirèkteman nan men enstitisyon finansyè sa yo.

62

00:07:35,400 --> 00:07:41,220

Nou te itilize done sa yo pou analize
epi konprann ki jan EminiFX te fonksyone.

63

00:07:42,000 --> 00:07:47,520

Nou te egamine balans itilizatè yo te wè nan
kont abityèl yo, nan tablobdò a.

64

00:07:48,480 --> 00:07:54,300

Epitou, nou te egzamine byen ak lajan
ki egziste aktyèlman yo. Malerezman,

65

00:07:54,300 --> 00:08:00,960

pa t gen okenn koneksyon ant balans yo sou
tablobdò a ak byen ki asosye ak yo reyèlman.

66

00:08:02,160 --> 00:08:06,600

Kidonk, an nou kòmanse ak kisa
sa vle di yon itilizatè EminiFX.

67

00:08:07,320 --> 00:08:12,900

Mwen vle di yon moun ki te kreye yon non itilizatè
oswa yon kont sou sistèm EminiFX la.

68

00:08:13,740 --> 00:08:21,540

Ak moun ki depoze lajan oswa kriptò monè, tankou
Bitcoin. Oswa ki moun ki te retire lajan oswa kriptò monè.

69

00:08:22,980 --> 00:08:30,660

Gen anpil itilizatè ki deziyen tèt yo kòm “manm” nan
kominikasyon yo gen avèk mwen. Akoz

70

00:08:30,660 --> 00:08:37,440

fason sistèm sa a te fonksyone, mwen prefere sèvi ak tèm

"Itilizatè EminiFX yo," jan kèk nan nou te ka wè sa

71

00:08:37,440 --> 00:08:43,860

sou sit entènèt nou an. Men, selon pwennvi ou, "manm" ak "itilizatè" pral vle di menm bagay la an jeneral.

72

00:08:46,260 --> 00:08:52,620

Plizyè milye itilizatè te depoze lajan nan EminiFX. Souvan, depo sa yo te fèt sou fòm

73

00:08:52,620 --> 00:08:58,800

Depo lajan kach an dola ameriken sou kont konpayi yo nan TD Bank oswa nan Bank of America.

74

00:08:59,580 --> 00:09:06,540

Oswa atravè transfè bank ak bank sou kont sa yo. Mete sou sa , fason yo plis itilize pou fè yon depo

75

00:09:06,540 --> 00:09:14,400

se te itilize Bitcoin atravè sistèm CoinPayments la. Kidonk, mwen te itilize mo "depo." Men, akoz

76

00:09:14,400 --> 00:09:22,080

fason sistèm nan t ap fonksyone, alavni, m pral itilize tèm "kontribisyon," pito. Sa te vle di,

77

00:09:22,080 --> 00:09:29,160

pou itilizatè yo selon pwennvi ou "depo" ak "kontribisyon" pral vle di menm bagay la, an jeneral.

78

00:09:31,860 --> 00:09:34,980

Lè itilizatè Bitcoin yo bay kontribisyon dola oswa Bitcoin,

79

00:09:34,980 --> 00:09:41,640

lè sa a, yo te kapab konekte sou kont yo a epi wè lajan sa a nan tablodbò EminiFX yo a.

80

00:09:41,640 --> 00:09:48,060

Anjeneral nan bous elektwonik yo a. Annapre, pifò itilizatè yo ta dwe mete lajan yo nan bous komèsyal yo a,

81

00:09:48,060 --> 00:09:57,000

paske se sa yo te itilize pou Ranbousman
sou Envestisman chak semèn, oswa ROI, ogmante chak Vandredi.

82

00:09:58,200 --> 00:10:04,500

Espesyalman, chak Vandredi maten. Tablobò
a ta dwe afiche yon peman ROI.

83

00:10:05,220 --> 00:10:15,420

Sa ta dwe ant 5.00 ak 9.99 pousan,
sou tout tablo a. Nan dat 11 Mas 2022, li te 9.99%.

84

00:10:16,740 --> 00:10:26,160

Nan dat 1ye Avril, li te 9.91%. Nan mwa Avril
22, li te 5.05%. Epi se konsa sa te kontinye.

85

00:10:28,080 --> 00:10:33,060

Yon itilizatè EminiFX te ekri m chak
Vandredi, se te tankou yon maten Nwèl.

86

00:10:34,140 --> 00:10:41,100

E mwen konprann poukisa yon moun ta ka panse sa.
Tablobò a te toujou montre yon ogmantasyon.

87

00:10:42,540 --> 00:10:49,680

Li pa etone pou kèk itilizatè te di yo
te panse yo ta ka vin milyonè nan yon ane.

88

00:10:50,760 --> 00:10:55,920

Pwoblèm nan se paske okenn nan
ogmantasyon sa yo pa t reyèl.

89

00:11:02,640 --> 00:11:10,140

Mwen konnen sa ka difisil pou tande. Men, li enpòtan
pou mwen mete aksan sou pwèn sa a.

90

00:11:10,860 --> 00:11:17,100

Paske anpil itilizatè EminiFX te di
nan petisyon sou entènèt yo, nan lèt yo te voye pou mwen,

91

00:11:17,100 --> 00:11:22,860

nan lèt yo te voye bay Tribinal la, ak nan lòt kote, ki te kwè pwofi yo te reyèl.

92

00:11:23,820 --> 00:11:28,920

Men, se pa t vre. Nimewo ROI yo pa t reyèl. Chak semèn.

93

00:11:30,300 --> 00:11:35,160

Kidonk, ki jan nou fè konnen nimewo ROI yo pa t reyèl?

94

00:11:36,060 --> 00:11:44,100

Oke, nou konnen sa paske nou te egzamine tout sa EminiF EminiFX te envesti ladan.

95

00:11:44,100 --> 00:11:51,120

Epi nou egzamine yo an detay. Mwen te fè sa nan kèk rapò piblik mwen te depoze nan tribinal la,

96

00:11:51,780 --> 00:11:56,400

sitou Rapò sou Eta Finansye ki te depoze an Me 2023.

97

00:11:57,420 --> 00:12:03,360

Anèks A nan rapò sa a, ki disponib sou sit entènèt nou an, gen rapò sou pèfòmans chak semèn yo.

98

00:12:04,440 --> 00:12:09,780

Isit la, nan Reyinyon Piblik sa a, mwen pra bay yon apèsi sou sa nou te jwenn.

99

00:12:11,280 --> 00:12:14,280

Te gen twa kategori debaz nan envestisman.

100

00:12:15,120 --> 00:12:20,040

Premyèman, Aksyon yo ak pwodui ki asosye ak yo atravè yon kont koutye sou entènèt.

101

00:12:20,880 --> 00:12:28,200

Dezyèmman, Envestisman imobilye yo. Epi twazyèmman
envestisman an kriptò monè. An nou egzamine yo chak.

102

00:12:30,000 --> 00:12:35,040

Men, toudabò, kont koutye a. Se
te yon kont ki te sou non Eddy Alexandre,

103

00:12:35,040 --> 00:12:40,320

men li te kredite ak nèf milyon dola
nan lajan ki soti sou kont bankè antrepriz la.

104

00:12:41,100 --> 00:12:45,180

Kidonk, li te finalman finanse ak
kontribisyon itilizatè yo.

105

00:12:46,740 --> 00:12:54,000

Mwen te egzamine tout relve tranzaksyon yo, ki gen ladan
balans chak jou yo. Nan yon ti kras plis pase kat mwa

106

00:12:54,000 --> 00:13:00,720

tranzaksyon, gen plis pase sèt milyon dola
ki te pèdi, yon bès nan apeprè 80%.

107

00:13:02,100 --> 00:13:07,500

Pèt yo te kontinye vin pi plis nan pifò semèn yo,
epi kont lan pa t janm fè benefis.

108

00:13:08,460 --> 00:13:11,940

Kidonk, pa t gen okenn ROI ki te soti nan tranzaksyon koutye yo.

109

00:13:13,140 --> 00:13:20,700

Dezyèmman, te genyen tou envestisman imobilye yo.
Lè mwen te nome, EminiFX te gen kontra pou

110

00:13:20,700 --> 00:13:26,880

achte 46 diferan pwopriyete yo te sezi nan
Long Island, sa vle di nan Konte Nassau ak Suffolk.

111

00:13:27,960 --> 00:13:31,980
Te gen kontra pou twa lòt
pwopriyete tou nan menm konte yo.

112
00:13:32,820 --> 00:13:36,960
Pifò nan kontra yo te siyen nan
kèk semèn anvan yo te nome mwen,

113
00:13:36,960 --> 00:13:40,980
men pa gen okenn nan pwopriyete sa yo
ki te achte toutbonvre.

114
00:13:42,360 --> 00:13:46,980
Nou te fè evalyasyon pwofesyonèl
sou tout 46 pwopriyete yo sezi yo,

115
00:13:47,700 --> 00:13:52,620
epi nou te teste mache a pou pwopriyete
ki te gen plis posiblite pou devlope.

116
00:13:53,280 --> 00:13:59,160
Pa t gen okenn moun ki enterese. Pa gen achtè. Kidonk, nou pa t fè
okenn acha.

117
00:14:01,140 --> 00:14:07,620
Dapre analiz nou an, EminiFX te gen anpil chans pou
pèdi plizyè milyon dola si

118
00:14:07,620 --> 00:14:13,920
yo te achte tout pwopriyete sa yo. Dapre dokiman sou vant piblik yo
, yon sèl pwopriyete poukont li

119
00:14:13,920 --> 00:14:23,340
ta pèdi 850 mil dola si kontra sa a
te siyen. Selon moman yo te siyen kontra yo,

120
00:14:23,340 --> 00:14:30,000
ak evalyasyon pwopriyete yo, vrèman pa t gen
okenn ROI sou investisman byen imobilye yo.

121

00:14:31,440 --> 00:14:34,980
Finalman twazyèm kategori a se te kripto monè.

122
00:14:35,880 --> 00:14:41,640
Mwen di sa menm si mwen pa t jwenn anpil
nan investisman aktif nan kripto monè yo.

123
00:14:42,420 --> 00:14:49,260
Sepandan, pi fò nan lajan itilizatè yo te bay,
vèsman sa yo te fèt atravè sistèm CoinPayment lan,

124
00:14:49,920 --> 00:14:58,260
epi yo te kenbe yo sou kont sa a kòm Bitcoin.
Kidonk, te toujou gen plis, ak plis, ak plis Bitcoin

125
00:14:58,260 --> 00:15:05,340
k ap rive sou kont CoinPayments lan, yo te konsève yon bon pati
nan lajan EminiFX yo kòm Bitcoin.

126
00:15:07,080 --> 00:15:12,900
Sa vle di EminiFX te omwen
investi sou fòm pasif nan Bitcoin.

127
00:15:12,900 --> 00:15:18,000
Si Bitcoin yo te monte oswa desann,
valè EminiFX te monte,

128
00:15:18,000 --> 00:15:25,560
oswa desann. Kounye a, mwen pa ka di si wi ou non patisipasyon sa a nan pri
Bitcoin yo te planifye.

129
00:15:26,940 --> 00:15:33,540
Sa nou konnen, nan ane 2022, pri
Bitcoin an te sou wout pou l desann,

130
00:15:33,540 --> 00:15:41,820
ak yon gwo chòk nan kòmansman mwa Me a. Sa vle di
EminiFX te kontinye pèdi plizyè milyon dola toutpandan

131
00:15:41,820 --> 00:15:47,940

pri Bitcoin yo t ap kontinye bese. Nan moman mwen te nome a, pèt yo te rive nan plis pase 40

132

00:15:47,940 --> 00:15:54,060

Milyon dola nan Bitcoin yo te konsève sou kont CoinPayments lan.

133

00:15:55,020 --> 00:16:03,900

Kidonk, pa t gen okenn ROI, pa t gen okenn ROI pozitif ki soti nan ekspozisyon EminiFX ak pri Bitcoin an.

134

00:16:05,280 --> 00:16:10,620

Anplis de sa, konpayi an te depanse apeprè sis milyon dola nan depans pou fonksyònman,

135

00:16:10,620 --> 00:16:18,120

nan sèlman kèk mwa. Pifò nan depans sa yo te fèt pou salè, lwaye, materyèl pou biwo, ak machin.

136

00:16:19,800 --> 00:16:26,580

Kidonk, lè nou fè total la. Nou gen plizyè milyon dola ki pèdi nan kont koutye a.

137

00:16:27,180 --> 00:16:29,700

Nou pa gen okenn pwofi reyèl nan byen imobilye.

138

00:16:30,840 --> 00:16:37,680

Nou gen plizyè dizèn milyon dola ki pèdi nan Bitcoin. Epi nou gen plizyè milyon dola ki depanse.

139

00:16:38,280 --> 00:16:44,880

Nou pa fè pwofi okenn kote. Epi se konsa nou konnen ROI a pa t reyèl.

140

00:16:46,020 --> 00:16:50,580

Paske menmsi se pèt ak depans ki reyèl nou gen sèlman , tablodbò a

141

00:16:50,580 --> 00:16:56,880

te kontinye montre pwofi semèn apre semèn apre

semèn. Epi sa te lakoz gen yon defisi chak semèn,

142

00:16:56,880 --> 00:17:01,020

sa vle di te gen yon diferans
ant valè total itilizatè yo

143

00:17:01,020 --> 00:17:07,440

ta ka wè sou kont yo, ak nan
aktif EminiFX te genyen toutbonvre.

144

00:17:08,880 --> 00:17:16,980

Anplis, nou ka evalye defisi sa a. Nan
moman mwen te nome nan mwa Me 2022, li te vrèman anpil.

145

00:17:18,240 --> 00:17:23,460

Lè sa a, diferans tota
ant sa tablodbò EminiFX la te di

146

00:17:23,460 --> 00:17:30,420

tout kont ou yo te valid, epi
lajan EminiFX te genyen an reyalite sou

147

00:17:30,420 --> 00:17:37,800

plizyè kont ak lòt byen,
defisi sa a te plis pase 300 milyon dola.

148

00:17:39,480 --> 00:17:44,640

Sou baz pèt ki anrejistre nan tranzaksyon yo, ak
lè nou gade pri Bitcoin an nan epòk sa a,

149

00:17:45,420 --> 00:17:51,060

pa t gen okenn mwayen rezonab pou konble
defisi sa a. An reyalite,

150

00:17:51,060 --> 00:17:56,520

Bagay yo te sèlman ap vin pi mal lè mwen te
nome, semèn apre semèn apre semèn

151

00:18:02,160 --> 00:18:08,040

Donk, an nou pale sou retrè yo. Gen kèk

nan nou ki ta ka mande ki jan sa fè posib

152

00:18:08,040 --> 00:18:15,660

Pou pa gen ROI tandiske li afiche sou tablodbò a chak Vandredi maten. Epi ou ta ka mande ki jan

153

00:18:15,660 --> 00:18:20,820

tablodbò a ta ka pa reyèl si ou te ka retire lajan ki te afiche sou li a.

154

00:18:21,600 --> 00:18:28,620

Epi repons lan senp. Lè w te soti nan EminiFX, yo pa t peye w ak

155

00:18:28,620 --> 00:18:36,000

Pwofi yo. Paske pa gen okenn pwofi jan nou sot eksplike l la. Olye de sa, yo te peye ou ak

156

00:18:36,000 --> 00:18:42,180

kontribisyon lòt itilizatè yo. Nan lòt mo kontribisyon lòt manm nan kominote a.

157

00:18:43,680 --> 00:18:46,620

Epi se konsa pwogram Ponzi a fonksyone jeneralman.

158

00:18:47,340 --> 00:18:53,940

Kidonk, nan pwogram Ponzi klasik la, moun yo mete lajan nan pwogram nan sou baz yon pwomès

159

00:18:53,940 --> 00:19:00,720

Pou gen pi plis pwofi. Pwofi sa yo pa reyèl, men moun yo panse yo reyèl.

160

00:19:01,380 --> 00:19:08,760

Kidonk, lè yon itilizatè oswa yon kontribiyab nan pwogram Ponzi a retire lajan li, lè sa a, pwomotè

161

00:19:08,760 --> 00:19:16,740

Pwogram sa a itilize lajan lòt itilizatè yo investi pou fè peman an pou itilizatè k ap fè retrè a.

162

00:19:18,420 --> 00:19:21,840

E se sa ki te rive isit la.

An reyalite, jij k ap sipèvize

163

00:19:21,840 --> 00:19:28,200

dosye kriminèl la te karakterize EminiFX kòm yon pwogram Ponzi pandan seyans pou bay santans la.

164

00:19:29,640 --> 00:19:35,520

Mwen pral eksplike kijan nou konnen retrè yo te finanse ak lajan lòt moun.

165

00:19:36,720 --> 00:19:43,020

Premyèman, nou konnen yo te fè retrè yo sou kont EminiFX CoinPayments.

166

00:19:43,920 --> 00:19:50,580

Menmsi itilizatè yo te fè retrè an dola, prèske tout retrè yo te peye nan Bitcoin atravè

167

00:19:50,580 --> 00:19:56,820

CoinPayments. Nou konnen tou kont CoinPayments lan te finanse ak kontribisyon itilizatè yo.

168

00:19:58,620 --> 00:20:03,660

Fason CoinPayments lan te fonksyone, tout Bitcoin yo te melanje, yo te melanje ansanm.

169

00:20:04,440 --> 00:20:08,460

Mwen te eksplike sa nan dokiman m te deja depoze yo e mwen pa vle vin twò teknik isit la.

170

00:20:09,480 --> 00:20:17,940

An rezime, yon fwa Bitcoin te atenn sistèm CoinPayments la li te vin tounen yon pati nan yon gwo kont EminiFX,

171

00:20:17,940 --> 00:20:22,860

tankou vide yon vè dlo nan yon gwo lak.

172

00:20:23,820 --> 00:20:30,000

Kidonk, lè yon itilizatè te fè retrè, sa te tankou pran yon ti vè dlo nan

173

00:20:30,000 --> 00:20:37,380

gwo lak sa a. Sepandan, lak la nan konparezon sa a te fèt ak kontribisyon sèlman. Kidonk,

174

00:20:37,380 --> 00:20:43,380

pa t gen okenn pwofi nan lak la, nan kont CoinPayments la pou plis presizyon.

175

00:20:44,520 --> 00:20:51,060

Kidonk, lè itilizatè yo te retire plis pase 33 milyon dola jan yo te fè sa, 33 milyon dola sa a

176

00:20:51,060 --> 00:20:56,640

te soti sou kont CoinPayments la, epi li pa soti nan okenn pwofi komèsyal,

177

00:20:56,640 --> 00:21:03,840

men nan 182 milyon dola lòt itilizatè yo te kontribye atravè CoinPayments lan.

178

00:21:03,840 --> 00:21:10,740

Epi nou ka wè sa byen klè nan relve CoinPayments nou te jwenn yo. Epi, se

179

00:21:10,740 --> 00:21:18,540

Poutèt sa mwen di lè yon moun te retire pwofi nan EminiFX, sa yo te resevwa a se te lajan

180

00:21:18,540 --> 00:21:26,220

lòt moun. Paske nan okenn moman, retrè yo pa t gen okenn pwofi reyèl komèsyal oswa investisman.

181

00:21:31,680 --> 00:21:38,220

Ou konnen mwen te pase anpil tan ap pale sou ki jan EminiFX te fonksyone anvan yo te nome mwen.

182

00:21:39,060 --> 00:21:46,800

Kounye a, mwen vle pale sou sitiyasyon finansye aktyèl administrasyon jidisyè a. Lajan mwen kenbe yo,

183

00:21:46,800 --> 00:21:53,700

an jeneral, soti nan kontribisyon itilizatè yo , donk mwen panse sa enpòtan pou nou pou mwen

184

00:21:53,700 --> 00:22:01,500

eksplike ki kantite lajan ki nan menm, ki kote yo soti epi kijan ekip mwen an avè m ap jere lajan sa yo.

185

00:22:02,520 --> 00:22:10,560

Toudabò kont labank. Nan kòmansman Administrasyon jidisyè a, CFTC a avè m te jele yon kantite

186

00:22:10,560 --> 00:22:16,980

kont labank konpayi a ak Alexandre, ki gen ladan yo kont nan TD Bank ak kont nan Bank of America, gen anpil

187

00:22:16,980 --> 00:22:23,580

nan nou ki konn itilize yo pou bay kontribisyon. Lajan sa yo te transfere sou kont labank Administrasyon jidisyè a pandan

188

00:22:23,580 --> 00:22:29,820

premye semèn yo te enstale l la. Sa koresponn ak plis pase 60 milyon dola.

189

00:22:30,900 --> 00:22:38,400

Dezyèmman, kripto monè. Pifò nan lajan kripto monè EminiFX te genyen te twouve l sou kont CoinPayments

190

00:22:38,400 --> 00:22:45,060

nou te pale sou li anvan sa. Kidonk, CoinPayments se yon konpayi entènasyonal ki sitiye nan Estoni ak

191

00:22:45,060 --> 00:22:51,600

nan Lityani, ki nan rejyon Baltik an Ewòp. Se konsa, mwen te anplwaye Kabinè Avoka Baltik Sorainen

192

00:22:51,600 --> 00:22:57,600

pou ede nou, epi nou te kapab rekipere
tout lajan kriptò monè ki te rete sou kont sa a,

193

00:22:57,600 --> 00:23:05,220

Plis pase 3600 Bitcoin. Nou te rekipere tou
kèk lajan kriptò monè sou lòt kont yo.

194

00:23:06,420 --> 00:23:13,620

Lè nou te kòmanse vann Bitcoin nan mwa
Janvyè 2023, pri a te mwens pase 17

195

00:23:13,620 --> 00:23:20,580

mil dola. Sa koresponn ak yon valè
ki anviwon 62 milyon dola pou tout pozisyon an.

196

00:23:21,960 --> 00:23:27,900

Mwen deside vann ofiramezi, sou yon peryòd
kat mwa, pou diminye risk ki gen rapò ak pèt yo.

197

00:23:28,800 --> 00:23:34,380

Lè nou te fin vann, pri
Bitcoin an te plis pase 30 mil dola.

198

00:23:35,220 --> 00:23:42,960

Pri an mwayèn pou kat mwa sa yo pou
tout pozisyon an te yon ti kras plis pase 24 mil

199

00:23:42,960 --> 00:23:50,100

dola, epi sa vle di lajan kach
ki soti nan vant kriptò monè sa a te yon ti kras plis pase

200

00:23:50,100 --> 00:23:56,520

90 milyon dola. Epi sa se yon ogmantasyon
konsiderab parapò ak moman nou te kòmanse vann pou premye fwa

201

00:23:58,800 --> 00:24:05,700

Twazyèmman, kont koutye a. Mwen te mansyone tou
9 milyon dola nan antrepriz EminiFX

202

00:24:05,700 --> 00:24:11,520

lajan yo te mete sou kont koutye a, epi annapre, oups plis pase sèt milyon dola te pèdi

203

00:24:11,520 --> 00:24:18,000

nan tranzaksyon. Sa fè gen apeprè 1.7 milyon dola ki te rete sou kont lan. Lè mwen te nome,

204

00:24:18,780 --> 00:24:22,560

mwen te likide rès pozisyon yo anvan yo te kapab pèdi plis lajan,

205

00:24:22,560 --> 00:24:28,080

epi nou te rekipere sòm sa a kòm lajan kach tou byen bonè nan administrasyon jidisyè a.

206

00:24:30,360 --> 00:24:36,660

Katriyèmman, rekiperasyon ki gen rapò ak litij. Mwen te mansyone anvan sa gen 46 pwopriyete yo sezi ak twa lòt

207

00:24:36,660 --> 00:24:43,980

pwopriyete EminiFX oswa Asosye li yo te siyen kontra ak yo, men yo potko achte yo.

208

00:24:44,880 --> 00:24:51,060

Sa vle di nou te enplike nan 46 dosye jidisyè diferan nan konte Nassau ak Suffolk.

209

00:24:51,900 --> 00:24:59,100

Se konsa, mwen te anboche kabinè Forchelli Deegan Terrana nan konte Nassau, epi nou te kapab rive jwenn 2.5 milyon

210

00:24:59,100 --> 00:25:03,600

dola nan règleman san nou pa oblije achte yon sèl pwopriyete epi ak yon dispans pou reklamasyon.

211

00:25:04,560 --> 00:25:09,720

Epitou, nou te rekipere epi vann yon kantite machin, ansanm ak kèk materyèl pou biwo,

212

00:25:09,720 --> 00:25:16,200

byenke pi fò nan yo pa gen anpil valè pou revann yo
. Nan fen dènye trimès fiskal la,

213

00:25:16,200 --> 00:25:24,960

Nan dat 30 Jen 2023. Administrate jiridik la te gen yon total
153.7 milyon dola nan kontwòl li te fè,

214

00:25:24,960 --> 00:25:33,260

tout sou kont ki bay enterè. Kounye a, enterè sa a
nan anviwon 400 mil dola chak mwa.

215

00:25:33,260 --> 00:25:40,200

Nou te fè depans tou. Nan kòmansman
manda nou an, nou te peye dènye salè

216

00:25:40,200 --> 00:25:46,680

anplwaye yo, eksepte pou Mesye ak Madam Alexandre,
ansanm ak yon mwa lwaye adisyonèl.

217

00:25:47,640 --> 00:25:52,920

Mwen te esplike anpil nan rezon sa yo an detay
nan rapò preliminè mwen te bay sou sitiyasyon an nan dat 1ye Jen. Epitou

218

00:25:52,920 --> 00:25:58,440

Ki disponib sou sitwèb la, sa te apeprè
200 mil dola. Pifò nan lòt

219

00:25:58,440 --> 00:26:04,500

depans yo gen rapò ak administrasyon jidisyè a konsènan frè pwofesyonèl yo
ak depans yo. Epi CFTC te apwouve tout frè sa yo an premye

220

00:26:04,500 --> 00:26:11,040

epi tribinal la annapre, ansanm ak
relve detaye sou tan an, anvan mwen peye yo.

221

00:26:12,180 --> 00:26:16,920

Jiska 30 Jen, revni total ki soti nan
aktivite Administrasyon an te nan anviwon

222

00:26:16,920 --> 00:26:21,540

5.6 milyon dola, depans total
yo te nan anviwon 3.9 milyon dola.

223

00:26:22,380 --> 00:26:29,520

Sa vle di mwen potko bezwen sèvi ak byen
ki rekipere yo pou kouvri depans pou administrasyon an.

224

00:26:30,180 --> 00:26:36,240

Epi, nou gen yon rezèv ki gen plis pase yon milyon edmi
dola anvan mwen ta oblije fè sa.

225

00:26:37,140 --> 00:26:42,360

Rezèv sa a, plis enterè nou
resevwa sou lajan kach yo, pral ede nou

226

00:26:42,360 --> 00:26:47,460

kòmanse pwosesis konplèks sou verifikasyon tranzaksyon
ak demann pou ranbousman.

227

00:26:49,140 --> 00:26:53,880

Mwen satisfè ak rezilta finansye
Administrasyon an jiska prezan.

228

00:26:54,540 --> 00:26:58,860

Mwen pa ka garanti okenn rezilta
alavni, sepandan mwen pral kontinye

229

00:26:58,860 --> 00:27:05,040

jere finans administrasyon an
avèk pridans epi yon fason ki avize.

230

00:27:10,860 --> 00:27:17,640

Ann pale kounye a sou Platfòm nan. Kòm kèk
nan nou te ka wè sa nan dat 29 Out,

231

00:27:17,640 --> 00:27:22,500

Tribinal la te apwouve demann nou an pou kòmanse
verifikasyon tranzaksyon yo ak pwosesis ranbousman yo.

232

00:27:23,280 --> 00:27:29,460

Nou espere lanse platfòm itilizatè EminiFX
nou an nan dat 12 Septanm oswa nan ozalantou dat sa a.

233

00:27:30,780 --> 00:27:36,540

Nou gen anpil enfòmasyon sou kontribisyon itilizatè yo
, ak sou retrè yo fè.

234

00:27:36,540 --> 00:27:43,320

Nou te egzamine relve bank yo, relve echanj kriptò monè yo
, ak done entèn EminiFX yo pou

235

00:27:43,320 --> 00:27:49,080

etabli yon lis preliminè sou tranzaksyon yo
pou anviwon 100,000 tranzaksyon.

236

00:27:50,400 --> 00:27:54,660

Platfòm itilizatè a pral pèmèt itilizatè yo konfime

237

00:27:55,260 --> 00:28:00,180

tranzaksyon nou te asiyen yo
sou baz done nou genyen yo.

238

00:28:00,720 --> 00:28:06,420

Epitou, li pral pèmèt itilizatè yo ajoute
tranzaksyon, korije detay ki nan tranzaksyon yo,

239

00:28:06,420 --> 00:28:13,560

epi fè nou konnen si nenpòt nan tranzaksyon yo genyen yo
te gen ladan tou pou lòt itilizatè EminiFX yo.

240

00:28:14,760 --> 00:28:22,560

Pwochen Reyinyon piblik nou an pral konsantre sou Platfòm Itilizatè
sa a. Pou kounye a, mwen ta mande pou tout itilizatè yo

241

00:28:22,560 --> 00:28:28,620

gen asirans yo egzamine imel Stretto voye konsènan
platfòm nan, itilizatè yo ta dwe resevwa l nan zòn

242

00:28:28,620 --> 00:28:35,340
mitan semèn pwochè. Kidonk yo poko genyen li. Li
ta dve vini semèn pwochè. Imèl sa a ap genyen tou

243

00:28:35,340 --> 00:28:41,880
enstriksyon sou fason pou w konekte sou platfòm nan epi
n ap poste yon lyen ki mennen nan platfòm nan sou sitwèb la.

244

00:28:47,160 --> 00:28:51,660
Mwen ta renmen fini anvan
kesyon yo ak yon dènye sijè.

245

00:28:52,320 --> 00:28:57,600
Mwen te egzamine tout lèt mwen te resevwa
pou reponn ak pwotokòl vant nimerik la.

246

00:28:58,620 --> 00:29:04,260
Mwen te li anpil nan lèt yo te soumèt bay
jij kriminèl la anvan santans la.

247

00:29:05,520 --> 00:29:09,720
Mwen te koute chak itilizatè ki
te pale nan seyans santans la.

248

00:29:09,720 --> 00:29:16,740
kèlkeswa opinyon yo te genyen. Sa ki touche m
, se paske gen plizyè santèn itilizatè

249

00:29:16,740 --> 00:29:23,400
Ki te di m ansanm ak Tribinal la enpòtans
pou gen klas investisman EminiFX nan jou Jedi.

250

00:29:24,180 --> 00:29:30,660
Kidonk, kòm administratè nan EminiFX,
Mwen ta renmen pran kèk minit

251

00:29:30,660 --> 00:29:36,300
pou diskite sou resous edikasyon itil pou investisè yo
ki gratis pou piblik la.

252

00:29:38,460 --> 00:29:45,180

Komisyon pou Valè Mòbilye yo ak Operasyon pou Tit, ki tankou CFTC se yon ajans gouvènman ameriken ki gen pou misyon

253

00:29:45,180 --> 00:29:52,200

pwoteje investisè yo epi garanti entegrite mache yo, gen yon sit entènèt pou ede investisè yo fè bon investisman

254

00:29:52,200 --> 00:30:01,020

Epi evite fwod. Sit entènèt sa a rele investor.gov, epi li gen yon paj sou pwogram Ponzi.

255

00:30:01,620 --> 00:30:04,740

Nou pral mete yon lyen ki mennen nan paj sa a nan nòt pou videyo sa a.

256

00:30:05,820 --> 00:30:12,180

Men kèk nan alèt SEC te idantifye sou paj sa a

257

00:30:12,180 --> 00:30:15,540

kòm siy alèt pou pwogram Ponzi yo.

258

00:30:16,380 --> 00:30:23,700

Premyèman, gwo investiman ki gen yon ti kras risk oswa ki pa gen okenn risk. SEC la note "Chak investisman genyen

259

00:30:23,700 --> 00:30:29,160

yon sèten nivo risk, epi investisman yo bay pi gwo ranman ki enplike jeneralman pi gwo risk."

260

00:30:30,060 --> 00:30:36,300

SEC la avèti, "Fè anpil pridans ak tout opòtinite investisman ki bay 'garanti'."

261

00:30:38,220 --> 00:30:45,360

Dezyèmman, investisman ki bay ranman ki twò regilye. Jan SEC la fè remak la, "Investisman yo gen tandans

262

00:30:45,360 --> 00:30:51,900

Ogmante epi diminye ofiramezi." Se sa k fè, SEC la tou avèti, "Se pou w gen dout sou yon investisman

263

00:30:51,900 --> 00:30:57,060

Ki bay regilyèman rannman pozitif kèlkeswa sitiyaasyon mache a an jeneral."

264

00:31:00,540 --> 00:31:07,860

Twazyèmman, estrateji ki sekrè epi ki konplèks. SEC la avèti investisè yo pou yo "Evite

265

00:31:07,860 --> 00:31:13,740

Fè investisman si ou pa konprann li oswa si ou pa ka jwenn enfòmasyon konplè sou yo."

266

00:31:15,240 --> 00:31:22,380

Katriyèmman, difikilte pou resevwa peman yo. SEC avèti investisè yo pou yo "Rete vijilan

267

00:31:22,380 --> 00:31:26,100

si ou pa resevwa yon peman oswa si ou gen difikilte pou w fè dekèsman."

268

00:31:27,060 --> 00:31:32,700

Jan SEC la fè remak la, "pwomotè pwogram Ponzi yo pafwa eseye anpeche patisipan yo

269

00:31:32,700 --> 00:31:37,380

fè dekèsman lè yo ofri yo rannman ki pi plis pase sa ki rete sou plas la."

270

00:31:39,000 --> 00:31:44,760

SEC la idantifye tou envèstisman ki pa anrejistre, vandè ki pa gen lisans ak pwoblèm administratif

271

00:31:44,760 --> 00:31:53,040

kòm alèt adisyonèl pou pwogram Ponzi yo. Yon lòt fwa ankò nou pral mete yon lyen ki mennen nan paj wèb investor.gov la

272

00:31:53,040 --> 00:32:01,200

Ki gen tout enfòmasyon sa yo nan nòt videyo sa a. Se konsa remake mwen te prepare yo fini.

273

00:32:01,200 --> 00:32:08,820

Nou pral pase kounye a nan K&R. Nou pral kòmanse ak kesyon moun yo abitye voye ban nou yo.

274

00:32:14,220 --> 00:32:21,960

Kidonk, premye a se : ki sa ki pral yon estimasyon rekiperasyon pou itilizatè EminiFX yo?

275

00:32:24,420 --> 00:32:32,880

Mwen pa gen yon estimasyon pou m ba w nan moman sa a. Genyen konsiderasyon fiskal nou dwe

276

00:32:32,880 --> 00:32:40,200

pran an konsiderasyon, mete sou sa nou dwe finalize pwosesis verifikasyon tranzaksyon yo pou konnen egzakteman

277

00:32:40,200 --> 00:32:45,120

ki sa moun yo te investi ak ki sa yo te retire epi sa pral afekte yon fason konsiderab pousantaj moun yo pral jwenn.

278

00:32:46,620 --> 00:32:52,260

Dapre analiz preliminè yo, mwen kwè n ap kapab asire yon retablisman ki rezonab,

279

00:32:52,260 --> 00:32:56,580

men nou p ap konnen egzakteman konbyen sa pral ye pandan kèk tan.

280

00:33:02,340 --> 00:33:08,760

Answit, ak ki sa kalandriye pou rès dosye a sanble?

281

00:33:10,980 --> 00:33:19,740

Donk, pou rès ane 2023 a epi onètman nan kòmansman ane 2024, nou pral, ekip mwen an avè m, travay

282

00:33:19,740 --> 00:33:28,440
di sou rekonsilyasyon tranzaksyon yo ak tretman
demann ranbousman yo. Sa ka pran plis tan, sa depan

283
00:33:28,440 --> 00:33:35,220
sou repons yo. Gen yon gwo
ensètitud sou kalandriye pwosesis sa a,

284
00:33:35,220 --> 00:33:41,100
men nou pral travay trè di
pou fini li pi vit posib.

285
00:33:41,100 --> 00:33:48,180
Men yon lòt fwa ankò, sa pral depann anpil sou nivo
ak kantite repons nou jwenn yo. Apre sa,

286
00:33:48,180 --> 00:33:53,520
nou pral kòmanse etabli yon plan distribisyon,
men sa pral fè tou pati yon demann ki separe

287
00:33:53,520 --> 00:33:59,040
devan tribinal la. Yon lòt fwa ankò, jan mwen te mansyone sa depi
nan kòmansman an, mwen rapòte bay tribinal la, ki vle di

288
00:33:59,040 --> 00:34:07,380
lè mwen fè bagay enpòtan tankou plan distribisyon
yo pwopoze a. Mwen pa annik anonse li mwen mande

289
00:34:07,380 --> 00:34:12,360
tribinal la otorizasyon, mwen eksplike poukisa n ap fè
sa n ap fè a, epi nou soumèt li bay tribinal la

290
00:34:12,360 --> 00:34:19,140
Pou apwobasyon. Nou pral oblije tou fè fas
ak pwoblèm taks epi evalye posiblite ki genyen pou gen litij yo,

291
00:34:19,980 --> 00:34:23,820
kòm mwen sèten anpil nan nou konnen sa
kalandriye negosyasyon

292

00:34:23,820 --> 00:34:28,020
avèk sèvis enpo a (Internal Revenue Service) pa sèten e
souvan li pa sou kontwòl kontribyab yo.

293
00:34:32,940 --> 00:34:35,700
Ki lè itilizatè yo ta dwe atann yon distribisyon.

294
00:34:36,780 --> 00:34:42,180
Yon lòt fwa ankò, mwen pa gen yon repons egzakteman sou dat
distribisyon an. Jan m te deja di sa

295
00:34:42,180 --> 00:34:50,400
nan premye rapò a, mwen espere fè omwen yon premye distribisyon
pi vit posib, li posib

296
00:34:50,400 --> 00:34:56,340
byenke sa pa sèten, distribisyon sa a ap fèt
pa etap, ki vle di premye distribisyon an

297
00:34:56,340 --> 00:35:03,360
ka pa tout sa mwen pral voye
tounen, men sa mwen ka fè nan moman sa a. Mete sou sa, nou

298
00:35:03,360 --> 00:35:08,880
pa gen yon kalandriye egzak sou sa, men mwen vle
omwen di itilizatè yo premye distribisyon an

299
00:35:08,880 --> 00:35:16,680
petèt pa pral sèl distribisyon nou pral fè. Epi
lè nou fè distribisyon yo, nou pral asire nou

300
00:35:16,680 --> 00:35:21,960
nou eksplike Tribinal la sa paske, yon lòt fwa ankò, nou pral
jwenn apwobasyon Tribinal la anvan nou fè yon distribisyon

301
00:35:28,380 --> 00:35:35,640
Ki frè yo dwe peye pou soumèt tranzaksyon yo
sou platfòm itilizatè a? Non, pa gen frè. Epi mwen

302
00:35:35,640 --> 00:35:40,740

vle mete aksan sou sa, nou pa faktire pèsonn pou patisipe nan pwosesis sa a.

303

00:35:41,580 --> 00:35:46,500

Nou ap bay platfòm nan. Ou ta dwe resevwa yon imèl , ou pral kapab konekte

304

00:35:46,500 --> 00:35:50,700

sou li. Nou pral gen videyo ki bay enfòmasyon, epi nou pral fè yon dezyèm Reyinyon piblik.

305

00:35:50,700 --> 00:35:54,600

Yon fwa moun yo gen posiblite pou yo konekte, epi nou jwenn plis kesyon pou eseye ede ou

306

00:35:54,600 --> 00:35:59,160

nan pwosesis sa a. Nou p ap faktire pèsonn yon frè, kidonk si yon moun di nou te fè sa,

307

00:35:59,160 --> 00:36:03,720

tandiske n ap kolekte frè, mwen vle fè nou konnen mwen pa bay otorizasyon pou sa.

308

00:36:09,540 --> 00:36:15,900

Ki jan itilizatè EminiFX yo pral resevwa yon distribisyon atravè yon chèk oswa yon peman nimerik?

309

00:36:19,620 --> 00:36:24,480

Yon lòt fwa ankò, nou poko deside anyen. Nou rete yon bon ti tan toujou pou nou fè distribisyon an.

310

00:36:25,200 --> 00:36:35,760

Nou deja genyen platfòm nan, epi mwen espere m ap kapab kontinye sèvi avè l pou lòt aktivite, tankou

311

00:36:35,760 --> 00:36:40,140

distribisyon. Kidonk, ou konnen lè ou gen kont ou sou platfòm nan, mwen vle pou ou asire ou w ap kenbe

312

00:36:40,140 --> 00:36:49,140

enfòmasyon koneksyon yo an sekirite, men
ou konnen tou nou pral egzamine plizyè posiblite selon

313

00:36:49,140 --> 00:36:56,100

sa nou panse ki pridan epi ki an sekirite nan
moman an. Men, nou pral egzamine tout bagay epi eseye

314

00:36:56,100 --> 00:37:01,680

fè sa ki plis rezonab la. Yon lòt fwa ankò, n ap eseye
ekilibre sekirite ak konfò pou itilizatè yo.

315

00:37:09,000 --> 00:37:15,960

Ki kalite dokiman sipò
administratè a ap chèche pou itilizatè yo bay yo

316

00:37:15,960 --> 00:37:20,820

pou soutni tranzaksyon yo si yo
pa konpatib ak dosye administratè a?

317

00:37:22,380 --> 00:37:25,620

Sa pral yon ti jan gen rapò ak
sitiyasyon an, sa pral depann sou

318

00:37:26,160 --> 00:37:31,800

ki jan tranzaksyon an te fèt ak poukisa gen
yon enkonpatiblite. Bagay tankou relve labank,

319

00:37:31,800 --> 00:37:37,320

konfimasyon transfè, epi menm imèl, mesaj tèks
selon sou sikonstans yo ta ka itil.

320

00:37:37,980 --> 00:37:45,360

Kidonk, mwen ankouraje itilizatè yo pou yo bay tout enfòmasyon
yo ka bay selon sikonstans yo.

321

00:37:45,360 --> 00:37:50,760

Selon kote ki gen enkonpatiblite a, nou pral
kapab tou pran kontak avèk yo si nou bezwen plis enfòmasyon,

322

00:37:50,760 --> 00:37:59,040

Epi mete sou sa, mwen ta ka di ban nou plis enfòmasyon posib, depreferans nan fòm PDF. Lè ou

323

00:37:59,040 --> 00:38:02,940

konteste yon tranzaksyon n ap fè yon lòt Reyinyon piblik sou fason pou fè sa tou.

324

00:38:08,820 --> 00:38:14,520

Èske itilizatè EminiFX yo resevwa enterè sou kont yo depi lè yo fin enstale administratè a?

325

00:38:16,560 --> 00:38:21,960

Donk, nou te abòde kesyon sa a yon ti kras petèt plis an detay pandan prezantasyon an.

326

00:38:23,100 --> 00:38:26,940

Pa t gen okenn ROI, donk sa pa t janm reyèl pou kòmanse, kidonk

327

00:38:28,260 --> 00:38:37,080

yo pa t fè okenn enterè anvan yo te enstale m. Epi ROI yo a, 5 a 9 pousan

328

00:38:37,080 --> 00:38:43,560

Pa t janm reyèl, se pa yon bagay nou pral kontinye. Nou pa t ap janm kontinye paske yon lòt fwa ankò li pa

329

00:38:43,560 --> 00:38:51,120

chita sou reyalite. Pou ba ou petèt yon fason diferan pou eksplike sa, kidonk ROI minimòm nan te 5%,

330

00:38:52,020 --> 00:38:58,380

Donk, si nou pran sa pou kounye a, tablodbò a ekilibre, tablodbò kolektif la ekilibre,

331

00:38:58,380 --> 00:39:04,500

epi sipoze pa gen okenn retrè ankò, pa gen okenn depo, nou jis pran sa ki te nan EminiFX lè mwen te enstale,

332

00:39:04,500 --> 00:39:12,240

epi li te pran 5% jiska kounye a, balans tablodbò a ta ka anviwon 14 milya dola. Pou sa

333

00:39:12,240 --> 00:39:20,640

ka fonksyone, Bitcoin an ta dwe ant 3.5 ak 4 milyon dola pou chak pyès monnen. Kounye a, li anviwon

334

00:39:21,660 --> 00:39:30,600

25,000. Kidonk, pa gen okenn ROI an nou kontinye. Nou pa pral peye sou baz

335

00:39:30,600 --> 00:39:36,840

yon bagay ki pa reyèl, e ki jis pa t reyèl. Kounye a gen enterè, jan mwen te mansyone sa,

336

00:39:36,840 --> 00:39:42,420

sou kont Administrasyon yo, yon fason pou yo peye enterè sa yo dirèkteman nan Administrasyon an. Yon sòm

337

00:39:42,420 --> 00:39:49,500

400 san mil dola pa mwa ki ede kouvri depans yo, men yo kontinye

338

00:39:49,500 --> 00:39:54,540

distribye sa ki anplis yo sou kont administrasyon yo. Apre sa, mwen espere pou tout aksè fè pati

339

00:39:54,540 --> 00:39:59,340

distribisyon jeneral nou pral abòde lè nou rive nan nivo sa a nan dosye a.

340

00:40:02,520 --> 00:40:07,920

Mwen souvan jwenn sa, an reyalite, yo te mande m si m ap travay ak biwo

341

00:40:07,920 --> 00:40:14,640

Dyaspora Ayisyen an. Yo te mete yon lyen ki mennen nan sit entènèt EminiFX la sou paj wèb yo a,

342

00:40:14,640 --> 00:40:20,700

e repons lan se, mwen te pale ak moun yo
laba a. Nou endepandan ak yo. Yo te

343

00:40:20,700 --> 00:40:25,980
ede nou eseye fè pawòl la pase
sou sitwèb la. Konsènan Reyinyon piblik yo

344

00:40:26,820 --> 00:40:32,160
epi n ap tann li nan pwosesis platfòm nan tou.
Donk, mwen apresye travay yo fè a,

345

00:40:32,160 --> 00:40:36,120
men mwen vle mete aksan sou sa, mwen
konplètman endepandan ak biwo sa a.

346

00:40:42,780 --> 00:40:46,740
Èske patisipe nan Aksyon Kolektif nan Florida
ap afekte retablisman mwen an?

347

00:40:50,640 --> 00:40:58,980
Non, mwen vle mete aksan sou sa, nou konplètman
endepandan ak aksyon kolektif Florida a.

348

00:40:59,760 --> 00:41:10,260
Nou pa bezwen okenn itilizatè EminiFX pou patisipe nan
sa, pou patisipe nan pwosesis Administrasyon an.

349

00:41:11,280 --> 00:41:19,920
Kidonk, n ap mennen yon pwosesis ki konplètman endepandan,
epi jan mwen te mete aksan sou sa anvan, pa pral gen okenn

350

00:41:19,920 --> 00:41:24,660
frè pou patisipe nan pwosesis administrasyon an, donk
mwen ankouraje tout itilizatè iminitè ki efikas yo pou yo fè sa.

351

00:41:29,400 --> 00:41:33,120
Mwen konnen k jan pou m di sa. Kidonk,
nou te resevwa yon kantite kesyon,

352

00:41:34,380 --> 00:41:40,140

petèt kòmantè, konsèy mwen ta ka prèske rele
yo nan men itilizatè yo pandan ane ki sot pase a oswa,

353

00:41:41,460 --> 00:41:47,460
n ap rapòte nou yon lòt fwod ki
vize baz itilizatè EminiFX la.

354

00:41:48,240 --> 00:41:55,380
Mwen vle presize se sèlman EminiFX ki fè pati
admi nistrasyon an, kidonk anpil lòt swadizan

355

00:41:55,380 --> 00:42:03,540
fwod yo te voye ban nou yo pa fè pati de
sa e sa pa fè pati de responsablite Tribinal la

356

00:42:03,540 --> 00:42:10,020
ban mwen antanke administratè. Sa vle di, gen
kote ou ka ale si ou ta renmen rapòte

357

00:42:10,020 --> 00:42:16,560
yon sitiasyon ki gen rapò ak fwod oswa twonpri ou panse ki egziste
epi ki gen rapò ak kominote a. Donk, gen yon sèl kote pou ou ale

358

00:42:16,560 --> 00:42:27,060
se nan CFTC, ki se
<https://protect-us.mimecast.com/s/R3UfCOY2zkHrvmbTrW8LE?domain=cftc.gov>.
Repete l ankò
<https://protect-us.mimecast.com/s/R3UfCOY2zkHrvmbTrW8LE?domain=cftc.gov>.

359

00:42:28,320 --> 00:42:35,880
SEC, the Securities Exchange Commission,
genyen tou yon liy pou konsèy, ki se
https://protect-us.mimecast.com/s/wKW8CPN9AlTA3ELf6EP_5?domain=sec.gov.

360

00:42:41,280 --> 00:42:45,480
Ou ka rapòte tou nenpòt krim ki ka rive
bay FBI oswa bay lapolis lokal yo nòmman,

361

00:42:45,480 --> 00:42:55,080
Si sa nesèsè. Men, an jeneral, nou isit la jis
pou konsantre sou dosye EminiFX la ak pou mwen pou

362

00:42:55,080 --> 00:43:01,680

administre byen yo laba a epi se pa nan lòt pwogram.
Mwen panse nou te resevwa kèk kesyon anplis

363

00:43:01,680 --> 00:43:09,360

depi nou te kòmanse, kite m jis eseye
pran sa mwen kapab, nou gen yon ti tan anplis.

364

00:43:11,880 --> 00:43:15,300

Se te yon kesyon ki long. Mwen sèten
gen anpil manm ki

365

00:43:15,300 --> 00:43:18,540

Reyalize yon gwo pwofi paske yo te youn
nan premye manm ki te investi yo,

366

00:43:19,380 --> 00:43:24,480

moun ki fè yon pwofi ki
enpòtan pral resevwa yon imèl ankourajan

367

00:43:25,620 --> 00:43:31,980

nan men moun sa yo pou yo rekipere lajan an, oswa
èske administratè a jis konsidere sa kòm yon pèt?

368

00:43:35,460 --> 00:43:39,600

Kidonk, mwen vle asire ou tout moun
klè lè pa gen okenn benefis.

369

00:43:39,600 --> 00:43:43,680

Donk, nenpòt retrè jan mwen te mansyone l la
te fèt ak lajan lòt moun.

370

00:43:44,640 --> 00:43:50,340

Nou toujou ap chèche konnen si genyen sa
yo souvan rele gayan nèt ki se

371

00:43:50,340 --> 00:43:57,000

moun ki retire plis pase sa yo te investi. Nou pral
evalye kijan pou nou jere bagay sa yo yon fwa nou gen yon pi bon

372

00:43:57,000 --> 00:44:02,700

sans sou linivè a, ki pral depann tou
sou pwosesis verifikasyon tranzaksyon

373

00:44:02,700 --> 00:44:08,340

n ap fè kounye a. Donk, mwen pa gen yon repons sou kijan
nou pral fè fas ak sa, men se pral petèt yon ka,

374

00:44:10,260 --> 00:44:13,860

ki petèt pral fè pati pwochen demann nan yon tribinal
devan

375

00:44:13,860 --> 00:44:18,780

yon tribinal, men pa gen repons pou kounye a sou ki jan
n ap planifye pou jere bagay sa yo.

376

00:44:24,000 --> 00:44:30,360

Anvan sa, anvan yo te enstale administratè a nan
eta sa a men an reyalite, se yon administratè ki an fonksyon

377

00:44:30,360 --> 00:44:36,540

nan EminiFX, mwen te gen de kont, èske administratè a
pral konsidere chak kont kòm yon antite separe?

378

00:44:37,980 --> 00:44:42,780

Pral gen yon opsyon sou platfòm nan si ou te gen
de kont pou ou ka fizyone kont ou a. Yon lòt fwa ankò, nou pral

379

00:44:42,780 --> 00:44:47,760

fè yon videyo sou paltrfòm nan ak Reyinyon piblik
sou kijan pou fè sa. Men wi si ou genyen

380

00:44:47,760 --> 00:44:52,920

kèk kont, pral gen yon opsyon sou kijan
pou fizyone kont sa yo, pral ede ak sa.

381

00:44:58,980 --> 00:45:03,120

Enteresan oke, madanm mwen ak mwen te fè
yon investisman youn oubyen de jou anvan

382

00:45:03,120 --> 00:45:07,680

Yo te arete Eddy Alexandre men
lajan an potko ajou nan sistèm nan,

383

00:45:07,680 --> 00:45:11,700

kiyes ki gen lajan sa? Èske sa yo pral
antre sou platfòm tranzaksyon an?

384

00:45:12,600 --> 00:45:15,060

Kidonk, si lajan an te fèt,

385

00:45:17,460 --> 00:45:25,560

kesyon an, Konpayi Stretto pral kapab
reponn kesyon espesifik yo ak lè ou menm, platfòm nan

386

00:45:25,560 --> 00:45:30,840

si gen yon tranzaksyon ki pa
la lè ou konekte, sa ta ka yon rezon men

387

00:45:30,840 --> 00:45:35,760

ta ka gen lòt rezon. Ou pral gen yon
opòtinite pou w telechaje pou ou ajoute yon tranzaksyon

388

00:45:35,760 --> 00:45:42,660

epi telechaje dokiman an. Kidonk, si ou te fè
yon investisman kèk jou anvan, li posib

389

00:45:42,660 --> 00:45:51,240

nou pral genyen li paske nou pral
kapab eeh akòde investisman sa a selon

390

00:45:51,240 --> 00:45:57,480

relve labank yo nan kont itilizatè espesifik sa a.
Li posib tou pou nou pa gen relve sa yo.

391

00:45:57,480 --> 00:46:03,300

Donk nenpòt fason swa platfòm nan ap genyen li oswa
ou pral sèvi ak platfòm nan pou ajoute yon tranzaksyon. Men

392

00:46:03,300 --> 00:46:08,100

Yon lòt fwa ankò, nenpòt lè w ap ajoute yon tranzaksyon, jan mwen te mansyone sa anvan, li pral trè itil pou ou

393

00:46:08,100 --> 00:46:14,580

mete enfòmasyon ou kapab yo nan fòm PDF pou nou ka eseye verifye epi egzamine

394

00:46:14,580 --> 00:46:21,180

dosye nou genyen yo bò kote pa nou. Men, an jeneral si depo lajan kach oswa lajan kripto monè

395

00:46:21,180 --> 00:46:27,540

te antre nan sistèm nan nan dènye jou sa yo, an jeneralman, nou genyen lajan sa yo.

396

00:46:30,840 --> 00:46:37,140

Se tout tan eeh nou genyen kounye a pou kesyon yo. Donk, nou pral kenbe yon kopi nan videyo sa a sou chanèl YouTube nou an,

397

00:46:37,140 --> 00:46:42,960

oumenm oswa lòt moun ka gen aksè ak li nenpòt ki lè. Nou pral sèvi ak chanèl sa a tou alavni nan Reyinyon

398

00:46:42,960 --> 00:46:50,100

Piblik yo, epi nou pral sèvi ak chanèl sa a tou pou poste videyo enstriktif ak kijan itilizatè EminiFX yo ka itilize

399

00:46:50,100 --> 00:46:59,220

Platfòm nan, ki pral rive talè. Si w gen nenpòt kesyon, tanpri voye yon imèl bay EminiFX@Stretto.com.

400

00:46:59,940 --> 00:47:08,760

Tanpri tcheke tou sit entènèt nou an nan https://protect-us.mimecast.com/s/PxJECNk2yjC5jmgCj_Ppy?domain=eminifxreceivership.com pou jwenn mizajou sou

401

00:47:08,760 --> 00:47:14,220

pwochen Reyinyon piblik la ak kijan pou gen aksè sou platfòm itilizatè a ak tout enfòmasyon sou administrasyon jidisyè a.

402

00:47:15,900 --> 00:47:19,980

Mèsi paske w te pran tan pou w rejwenn
nou aswè a, pase yon bon nwit.